

**FLORIDA HEALTHY KIDS CORPORATION**  
**AVI SOU PRATIK KONSÈNAN PRATIK KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE**

Avi sa a ki soti nan Florida Healthy Kids Corporation ki konsène pratik konfidansyalite enfòmasyon prive ("Avi a") dekri fason nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ak dantè sou ou ak timoun ki nan kont Florida KidCare ou ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. TANPRI REVIZE AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON. (OU PA BEZWEN BAY REPONS POU LI).

**Rezon ki fè ou resevwa Avi sa a:**

Avi sa a eksplike pratik Florida Healthy Kids Corporation pou Konfidansyalite Enfòmasyon Prive, li dekri fason nou ka divilge ak itilize enfòmasyon sou sante ou ak sante pitit ou ("ou") epitou avi a dekri fason ou ka jwenn enfòmasyon sou sante ou. Pou objektif Avi sa a, "enfòmasyon sou sante" gen ladan enfòmasyon ki asosye avèk asirans medical (tankou konpòtman medikal, ak preskripsiyan) ak asirans dantè nou ofri anba kont Florida KidCare ou.

Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon prive sou sante ou nan Florida KidCare. Lwa federal ak lwa leta egzije nou pou pwoteje sèten enfòmasyon sou sante ("Enfòmasyon Pwoteje sou Sante") epi pou nou respekte kondisyon Avi sa a.

Nou trete epi konsève Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou nan Florida KidCare pou twa rezon prensipal:

- Pou ede detèmine si ou kalifye pou pwogram Florida KidCare—Florida Healthy Kids, children's Medicaid, MediKids, ak the Children's Medical Services Plan (oswa Plan CMS);
- Pou antreteni kont yo pou fanmi ki aplike pou pwoteksyon anba pwogram Healthy Kids; epi
- Pou administre pwogram Florida Healthy Kids.

**Moun ki resevwa Avi sa a:**

Omwen yon fwa chak twazan, n ap fè fanmi yo ki gen yon timoun ki enskri nan Florida Healthy Kids, MediKids, ak Plan CMS konnen lè Avi sa a disponib ak kote yo kapab jwenn li.

**Kisa Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ye?**

Anjeneral Enfòmasyon Pwoteje sou sante Pwoteje sou Sante se enfòmasyon nou kapab idantifye sou kalifikasyon pase, prezan oswa fiti pitit ou ak enskripsiyan li nan yon pwogram Florida KidCare; peman pa mwa; tretman medikal ak tretman dan; ak enfòmasyon ki asosye avèk moun lakay ou. Kèk egzanp Enfòmasyon pwoteje sou Sante se non pitit ou, Nimewo Sekirite Sosyal li, nimewo telefòn li, adrès li, ak dat nesans li.

## **Fason nou itilize ak divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante:**

Nou, asosye biznis nou yo, ak ajans leta ki ede administre Florida KidCare itilize Enfòmasyon Pwoteje sou Sante pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Aktivite sa yo gen ladan enskripsiyon pitit ou nan pwogram Florida KidCare yo, resevwa epi peye prim asirans pitit ou, administre pwogram Florida KidCare, asire plan medikal ak plan dantè Florida Healthy Kids bay avantaj ak sèvis swen sante ki nesesè, epitou fè rechèch sou pwogram asirans sante timoun.

Men kèk egzanp fason nou itilize Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou:

- Nou itilize repons ki nan aplikasyon ou pou Florida KidCare ou sou pwoblèm medikal ak laj pitit ou pou ede detèmine pwogram Florida ki awopriye pou pitit ou.
- Nou ka divilge repons ki nan aplikasyon ou ba lòt pwogram Florida KidCare pou yo kapab detèmine kalifikasyon medikal avèk presizyon pou pwogram espesyal swen sante.
- Nou divilge enfòmasyon finansye ou ba Depatman Timoun ak Fanmi pou yo kapab detèmine kalifikasyon finansye avèk presizyon pou pwogram Florida KidCare yo.
- Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba plan medikal ak plan dantè Florida Healthy Kids ak lòt pwogram Florida KidCare pou objektif enskripsiyon ak objektif anilasyon enskripsiyon.
- Nou ka divilge dosye medikal ak dosye swen dan pitit ou pou revize kalite swen nou te bay pitit ou.
- Nou ka fè sondaj; voye ba ou lèt, kat postal, tèks, ak Imèl ak notifikasiyon, tankou rapèl peman ak byen-swen chèk-up rapèl; epi bay enfòmasyon nan yon konpayi pou rele epi fè w konnen kijan pou jwenn aksè nan sèvis yo.
- Nou ka itilize enfòmasyon medikal ak enfòmasyon dantè pitit ou pou travay sou doleyans yo oswa plent yo.
- Nou ka revize bòdwo swen medikal ak swen dan pitit ou pou detèmine si ou kalifye pou yon anilasyon nan peman prim yo.
- Nou ka revize enfòmasyon sou enskripsiyon ou pou asirans ak enfòmasyon sou pwoteksyon ou nan lòt pwogram Florida KidCare oswa lòt konpayi asirans pou konfime kalifikasyon pitit ou pou pwoteksyon epi pou planifye avantaj yo.
- Nou ka divilge enfòmasyon yo pou rasanble estatistik ak done pou itilize nan fòmasyon politik publik epi pou amelyore fonksyon pwogram (tankou detèminasyon kalifikasyon epi pou nou travay sou enskripsiyon yo).
- Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba Konsèy administrasyon nou yo ak asosye endependan nou yo pou diskite sou rezolisyon, plent ak analiz aktyè yo.

- Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba patnè finansye ki ka responsab pou peman prim yo pou pitit ou anba pwogram Florida KidCare yo.
- Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba òganizasyon nou gen kontra avèk yo epi ki bay sèvis pou Florida Healthy Kids Corporation.
- Nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba òganizasyon k ap chèche jwenn kontra avèk nou.

Chak òganizasyon ak ajans ki revize Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe enfòmasyon yo konfidansyèl.

Nou ka itilize ak divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou tou jan lalwa bay pèmisyon pou sa, ki ka gen ladan divilgasyon sa yo:

- Ba lòt pwogram Florida KidCare, ajans gouvènman, oswa kontraktè ki bay avantaj publik, ki detèmine kalifikasyon ak konfòmite pou Florida KidCare, oswa ki ede nan administrasyon pwogram Florida KidCare yo.
- Pou sipèvizon sante, tankou enspeksyon, odit, revizyon, rechèch, ak rapòtaj pou asire konfòmite avèk lwa federal, lwa leta ak lwa lokal.
- Pou fè rechèch sou sèvis yo ak rapòtaj pou amelyorasyon pwogram Healthy Kids ak lòt pwogram Florida KidCare yo.
- Ba lòt ajans gouvènman oswa ba moun nan fè sèvis ak responsablite ofisyèl yo.
- Ba Depatman Revni pou objektif administrasyon pwogram leta Tit IV-D (sipò timoun).
- Ba nenpòt moun ki gen konsantman ekri kòmsadwa.
- Ba responsab legal yon timoun pou konfime pwoteksyon asirans dat pwoteksyon, non plan sante timoun nan, ak kantite lajan prim ki peye.
- Kote divilgasyon an obligatwa dapre lwa federal, lwa leta oswa lwa lokal oswa pwosedi jidisyè. Pa egzanp:
  - Pou sante publik, tankou soulajman pou katastwòf oswa kontwòl maladi.
  - Lè lalwa egzije pou nou rapòte enfòmasyon sou abi, neglijans nou sispèk oswa sou vyolans nan kay.
  - Pou detounen yon menas grav pou sante oswa sekirite yon moun oswa publik la.
  - Pou bay repons pou yon lòd tribinal, lòt pwosesis legal anrapò avèk yon ankèt sou fwod.
  - Ba gouvènman federal pou sekirite nasyonal, sèvis pwoteksyon, aktivite fòs lame, oswa aktivite veteran.

### **Divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou nan Florida Healthy Kids ak lòt Enfòmasyon**

## **Pwoteje sou Sante ba lòt moun oswa pou lòt rezon:**

Kòm yon règ jeneral, divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ki pa pou tretman, peman, oswa itilizasyon operasyonèl ki dekri anwo a bezwen konsantman ou alekri.

Pou otorize nou pou fè divilgasyon sa a, rele nimewo 1-850-701-6100 epi mande pou yo ba ou yon fòm Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante. biwo Konfidansyalite Florida Healthy Kids Corporation ap ede ou avèk enfòmasyon ki nesesè yo pou otorize divilgasyon an. Ou ka anile nenpòt otorizasyon nenpòt lè.

Oumenm ak pitit ou gen dwa sa yo anrapò avèk Enfòmasyon Pwoteje sou Sante:

- Pou enspekte oswa pou jwenn yon kopi Enfòmasyon Pwoteje sou Sante nou konsève sou ou. Nou pa kapab ba ou Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ki se pati konfli k ap kontinye, tankou nòt siko-terapi, oswa ki eskli nan divilgasyon dapre lalwa Nou ka reklame yon frè tretman dosye. Ou gen dwa tou pou jwenn yon kopi dosye sante pitit ou nan klinik pwofesyonèl medikal ak pwofesyonèl dantè pitit ou (doktè swen prensipal, dantis, plan, oswa famasi, elatriye.).
- Pou mande nou pou korije enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa okonplè.
- Pou chanje adrès ou oswa nimewo telefòn ou si lè nou kontakte ou nan adrès ou ye a oswa nan nimewo telefòn ou genyen nan moman an ta menase ou oswa pitit ou.
- Pou mande yon kopi Avi sa a, nou mete sou sitwèb nou nan [www.healthykids.org](http://www.healthykids.org).
- Pou mande poui nou limite itilizasyon ak divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou. Dapre lalwa federal, nou ka pa oblige dakò avèk demann ou.
- Pou mande yon dosye kote nou te divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou. Dosye sa a ka gen ladan divilgasyon enfòmasyon pou tretman, peman, ak operasyon swen sante, divilgasyon ou te otorize, oswa lòt divilgasyon si lalwa bay pèmisyon pou sa. Pa gen frè pou peye pou yon demann konsa chak ane. Ka gen yon frè pou peye pou plis demann ou fè souvan. Demann ou ka gen ladan divilgasyon ki te fèt nan dènye uit ane yo.
- Pou resevwa komunikasyon konfidansyèl sou Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou.
- Pou mande yon lòt mwayen pou resevwa komunikasyon sou Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou si ou endike aklè ou kapab vin an danje akòz divilgasyon tout oswa yon pati nan enfòmasyon yo.
- Resevwa avi pou nenpòt vyolasyon ki fèt nan Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou.

**Fason pou egzèse dwa ou konsènan divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou:**

Si ou gen kesyon, si ou vle fè yon demann konsènan Enfòmasyon Pwoteje sou Sante nou konsève sou ptit ou nan moman an, oswa si ou ta renmen yon lòt kopi Avi sa a, tanpri rele Biwo Konfidansyalite Florida Healthy Kids Corporation nan nimewo 1-850-701-6100. Nou ka mande ou pou voye demann ou alekri nan adrès Biwo Konfidansyalite ki endike anba la a.

**Fason pou kontakte Biwo Konfidansyalite Florida Healthy Kids Corporation oswa fason pou depoze yon plent:**

Si ou ta renmen kontakte Biwo Konfidansyalite Florida Healthy Kids Corporation oswa si ou kwè nou vyole dwa ou pou enfòmasyon prive, ou ka rele nimewo 1-850-701-6100 oswa ou ka voye lèt ou pa lapòs nan adrès ki endike anba la a:

Atansyon: Privacy Office  
Florida Healthy Kids Corporation  
P.O. Box 980  
Tallahassee, FL 32302-0980

P ap gen konduit vanjans kont ou akòz plent ou.

Ou ka pote yon plent tou ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services) depi ou rele nimewo 1-800-368-1019 oswa alekri nan adrès:

200 Independence Avenue, SW  
Room 509F HHH Bldg  
Washington, D.C. 20201

**Revizyon règleman sa yo konsènan konfidansyalite enfòmasyon prive**

Règleman nou yo konsènan konfidansyalite enfòmasyon prive ka chanje. Avi sa a anvigè apati 1ye out 2020. Nou gen dwa pou chanje kondisyon Avi sa a ak règleman ak pratik nou yo sou konfidansyalite enfòmasyon prive nenpòt lè. Nenpòt chanjman nan règleman ak pwosedi nou yo ap aplike nan tout Enfòmasyon Pwoteje sou Sante FHKC, asosye biznis li yo, oswa ajans leta ki ede administre Florida KidCare posede nan moman chanjman an.

N ap mete yon novo Avi sou sitwèb nou nan [www.healthykids.org](http://www.healthykids.org).

**ATTENTION:** Free language assistance services are available. Call 1-888-540-5437 (TTY 1-800-955-8771) from 7:30 a.m. to 7:30 p.m., Eastern Time, weekdays.

**ATENCIÓN:** si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**ATANSYON:** Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**CHÚ Ý:** Nếu bạn nói Tiếng Việt, có các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho bạn. Gọi số 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**ATENÇÃO:** Se fala português, encontram-se disponíveis serviços linguísticos, grátis. Ligue para 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**注意：**如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771)。

**ATTENTION :** Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-888-540-5437 (ATS : 1-800-955-8771).

**PAUNAWA:** Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**ВНИМАНИЕ:** Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-888-540-5437 (телефон: 1-800-955-8771).

**ملحوظة:** إذا كنت تتحدث اذكر اللغة، فإن خدمات المساعدة اللغوية توافر لك بالمجان. اتصل برقم 1-888-540-5437 (رقم هاتف الصم والبكم: 1-800-955-8771).

**ATTENZIONE:** In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**ACHTUNG:** Wenn Sie Deutsch sprechen, stehen Ihnen kostenlos sprachliche Hilfsdienstleistungen zur Verfügung. Rufnummer: 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**주의:** 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771) 번으로 전화해 주십시오.

**UWAGA:** Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**સુચના:** જો તમે ગુજરાતી બોલતા હો, તો નિઃશુલ્ક ભાષા સહાય સેવાઓ તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે.  
ફોન કરો 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).

**ເຮັດວຽກ:** ຖໍາຄຸນພູດກາໜາໄທຍ່ານສາມາຮັກໃຫ້ບໍລິການຊ່າຍແລ້ວທາງກາໜາໄດ້ຟຣີ ໂທ 1-888-540-5437 (TTY: 1-800-955-8771).